

# **Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens**

Sekretarya  
Acheveche, ri Sen Loran  
Pòtoprens  
Tel 2515 4674

nan kolaborasyon ak

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè  
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 2943 0079  
[justicepaixha@yahoo.com](mailto:justicepaixha@yahoo.com)  
[jilap.national@forumcitoyen.org.ht](mailto:jilap.national@forumcitoyen.org.ht)  
[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

## **Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince**

**mwa :**

**Janvye rive mas 2010**

*Texte en français : voir pages 3 et 10  
En cas de citation du rapport, veuillez mentionner la source*

Lèt toulouvrì pou Otorite Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyón Nasyonal Jistik ak Lapè salye n. Li kontan prezante 34yèm rapò li fin fè sou kesyon vyolans nan zòn metropolitèn nan.

Rapò sila a pale sou sa k te pase nan peryòd mwa janvye rive mas 2010, sa vle di : pandan 3 mwa ki mache ak tranbleman tè 12 janvye a, epi peryòd ijans la.

Rapò a fè n wè, pandan epòk sa a, vyolans brital fizik ki frape relasyon moun ak moun t ap ogmante seryezman. Vyolans ki konsènen ni krim yo k ap fêt, ni sitwayen k ap pran jistik la nan men yo san jij pa mele ladan l, ni vyolans k ap fêt nan trafik la. An menm tan, nan epòk sila a, genyen tout ensekirite popilasyon an ap sibi nan kan yo oswa pandan li nan lari : 1 ap sibi menas ak zam, vyòl, vòl, elatriye. Nan ka sa yo, otorite Lajistis ak Lapolis yo genyen yon reskonsablite espesyal pou pwoteje popilasyon an ak lavi yo. Genyen tou vyolans ki rezulta neglijans otorite ki pa mete yon bon jan planifikasyon sou pye pou pwoteje popilasyon an kòm sa dwa kont move kondisyon lavi ki rezulta tranbleman tè a. Pèp la merite resevwa nan men otorite yo yon pi bon akonpayman ak yon pi bon komunikasyon ki fèt ak transparans pase sa l jwenn kounye a.

Sekretarya Komisyón an ap remèsye tout sèvis Leta ki te pèmèt li verifye enfòmasyon yo, tankou HUEH ak PNH. Komisyón an salye nou epi li di n mèsi pou atansyon n ap bay rapò sila a.

*Aux Autorités judiciaires et policières du pays*

*La Commission Nationale Justice et Paix vous salue. Elle a l'honneur de vous présenter son 34<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince.*

*Ce rapport couvre la période de janvier à mars 2010, donc les 3 mois qui couvrent le tremblement de terre du 12 janvier 2009 et la période de la première urgence.*

*Le rapport montre que la violence et l'insécurité connaissaient une croissance importante durant cette époque. La violence concerne aussi bien les assassinats et les cas de justice expéditive que la violence dans le trafic routier. A cette violence, il faut ajouter les braquages armés, les vols et viols très nombreux. Dans tous ces cas, les autorités judiciaires et policières ont des responsabilités spécifiques pour protéger la vie et l'intégrité physique des citoyens et citoyennes. Une autre violence résulte de la négligence des autorités pour faire une bonne planification en vue de protéger la population contre les mauvaises conditions de vie qui résultent du tremblement de terre. Le peuple mérite de la part des autorités un meilleur accompagnement et une communication qui soit plus transparente, que ce qui est le cas actuellement.*

*Le secrétariat de la Commission remercie les instances qui ont permis de vérifier certaines informations et données, comme l'HUEH et la PNH. La Commission vous salue et vous remercie de l'accueil que vous donnerez à ce rapport.*

P. Jan Hanssens, directeur

## **Analiz ak kòmantè 34yèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan**

Tranbleman tè 12 janvye 2010 ki te frape kapital peyi a pa mete fen nan vyolans sou moun nan zòn metwopolitèn nan. Reyalite vyolans lan toujou la epi li sanble li pa p fè bak, paske otorite ki plase pou bay repons ak sitiyasyon sila a pa poze pwoblèm lan byen. Mete sou sa: vin gen lòt novo reyalite ki vin konplike ensekirite a. Se dega katastwòf 12 janvye a fè. Sitiyasyon sa a mete bandi pi alèz pou fè move zak sou sitwayen parèy yo, san yo pa kwè anyen kapab rive yo. Tout sa mete pi gwo tray pou yon popilasyon ki déjà viktим yon pakèt vyolasyon dwa moun tankou: mank komunikasyon ak yon pèp granmoun, neglijans nan planifikasyon, pakèt pwomès ki pa kenbe (sou medikaman y ap gratis, sou lekòl Leta ap peye, sou relokalizasyon y ap byen prepare, sou pwodiksyon nasyonal ak endistri lokal y ap kreye pou bay moun manje ak travay, el.). Tout sa se diferan fòm vyolans popilasyon Ayisyen an ap sibi poutèt reskonsab ki pa pran reskonsablite, epi ki panse fè politik pi pa wè yo dwe sèvi ak politik la pou pran swen moun.

Nan rapò sila a, nou obsève epi analize vyolans k ap fèt ak zam ansanm ak lòt vyolans k ap frape sitwayen yo. Nan konsiderasyon n ap fè yo, nou pa mete chif 300.000 moun ki mouri nan tranbleman tè a. Evènman an se yon bagay estwòdinè li ye, ki mande yon refleksyon apa. Tranbleman tè a, se rezulta yon seri bagay ki natirèl (ki mache ak jan tè n ap viv ladan an fèt). Men nou dwe di tou: si jou ki 12 janvye 2010 la genyen tout kantite viktим sa yo, gen yon kesyon reskonsablite nou dwe poze. Epi, pale sou reskonsablite se pale sou moun. Si moun pa genyen fòs pou fè tranbleman tè pa fèt, li genyen entelijans pou jere sosyete a pou evite twòp moun pa viktим lè l fèt. Men ki kote reskonsablite a ye, epi ki sa k te dwe fèt? Men kesyon an. Nou swete yon jou n ap kapab poze kesyon sa a kòm sa dwa.

Ki konparezon nou fè ant peryòd oktòb rive desanm 2009 ak peryòd janvye pou rive mas 2010? Men ki sa nou obsève:

- **Soti mwa janvye pou rive mwa mas 2010 nou obsève 173 moun ki mouri anba vyolans ak bal. Pou peryòd oktòb pou rive desanm 2009, nou te obsève 94 moun ki viktим anba vyolans ak bal. Sa vle di: depi tranbleman tè a plis moun viktим vyolans ak zam. Chif la ogmante ak 84, 04 %. Nou pa dwe blyie, déjà nan finisman lane 2009, nou te konstate déjà plis moun t ap mouri anba vyolans ak zam nan sosyete a. Chif la ta kab pi wo toujou, paske lè n gade byen pou anpil ka, moun ki fè pwose vèbal (polis oswa jij depè) pa mete sa ki kòz lanmò viktим nan lè yo fè konsta lanmò l.**
- Pou aksidan yo, nou obsève **46 moun ki mouri pou peryòd janvye rive mas 2010. Kote pou mwa oktòb rive desanm 2009 nou te obsève 55 mouri ki peri. Sa vle di: chif la diminye ak 18, 18 %.**
- Pou moun ki mouri ak zam blanch, nou obsève 33 ka pou peryòd janvye rive mas 2010 la. **Kote pou mwa oktòb rive desanm 2009 nou te obsève 22 moun ki mouri nan menm sikontans lan. Sa vle di chif la monte ak 49, 99 %.**

### **Yon ti koze sou vyolans ak zam**

Komisyón Jistics ak Lapè toujou genyen anpil preyokipasyon ak tèt chaje nan koze ti zam k ap simen lanmò toupatou andedan peyi a. Pouwva yo ki fè Repiblik la, nou vle pale Egzekitif la, Lejislatif ak Pouwva jidisyè a, pa jwe wòl yo kòm sa dwa nan koze a, ki tounen ak fòs chak fwa lè genyen yon kriz nan sosyete a. Konsa, kesyon an sou wout pou li vin yon gwo maladi pou sosyete a.

Nou dwe klè: se pa tranbleman tè 12 janvye a ki fè gen zam ilegal nan men popilasyon an atravè peyi a. Zam yo la depi plizyè ane; epi si yo la toujou, se paske otorite yo pa t fè sa yo te dwe fè nan sikonsans la. Si depi tranbleman tè a vyolans ak zam ogmante anpil, premye reskonsab, se otorite yo ki pa t fè devwa yo pou pran koze a nan men. Yo pa kontwole enpòtasyon zam yo kòm sa dwa, yo pa rejistre zam yo, pa gen kontwòl efikas sou moun ki pote zam an piblik oswa ki genyen zam lakay yo.

Anpil moun mare ansanm kesyon ensekirite ak zam ak kesyon moun nan detansyon ki chape, kòmkwa se yo menm sèl ki sous ensekirite. Se vre, genyen gwo kriminèl ki chape nan prizon yo jou ki 12 janvye 2010 la. Men pi fò moun ki chape se moun ki te viktim detansyon pwolonje ilegal, paske 80 % nan moun nan detansyon anvan 12 janvye pa t pase devan jij pou 1 te kondane yo. Epi, kriminèl ki chape yo dwe jwenn zam yon kote kanmenm pou fè move zak.

Dwe genyen desizyon politik pou korije sitiyasyon sa a ki souvan mete latwoublaj nan kominate yo. Se wòl otorite leta yo, pou yo travay nan enterè popilasyon an, pou yo pwoteje l, konsa, li menm tou l ap kapab mete konfyans li nan otorite yo paske yo fè devwa yo. Diskou dezameman pa dwe yon pawòl politik pou fè popilasyon an dòmi.

### **Yon ti ranmase sou zak rache moun**

Nou te konte 33 ka moun ki mouri anba pik, kouto, katyapika. Pi fò moun sa yo mouri nan zòn Site Solèy ak Kwadeboukè. Pafwa se nan mache piblik yo yo touye moun konsa. Selon temwayaj plizyè sitwayen nan zòn Site a, yo fè zak sa yo sou bandi yo pou lè y al nan prizon yo pa sove vin touye yo ankò. Ta genyen plizyè moun ki se evade nan prizon pami moun yo rache yo.

Konsa, nou wè chak jou pi plis, sitwayen yo ap montre yo pa fè sistèm Lajistis la konfyans. Se devwa otorite Leta yo pou òganize Lajistis yon fason ki kòrèk pou moun kab fè 1 konfyans. Otorite yo gen devwa pou asire sekirite jidisyè tout sitwayen yo, nenpòt kilès yo ye, nenpòt ki sa yo mete sou do l.

Egzekisyon somè sa yo fè n wè:

- Lajistis pa fonksyone kòm sa dwa,
- Sistèm prizon yo nan peyi a manke bon jan òganizasyon,
- Sitwayen yo pa fè Lajistis konfyans, ki fè yo fè tèt yo jistis,

Tout sa genyen gwo konsekans sou fason sitwayen ak sitwayèn yo nan peyi a ap gade Lajistis. Sitwayen yo montre yo pa kontan l.

Deja popilasyon an ap viv yon seri kondisyon ki difisil. Se pa moman pou bandi mete aspè sou klou. Se pa moman pou Leta kanpe ap gade san l pa pran reskonsablite l pou bay popilasyon an sekirite jidisyè, epi pou l mete bonjan kondisyon sou pye ki pèmèt popilasyon an jwi diyite l ak dwa l kòm moun.

### **Lòt eleman nou obsève nan machin vyolans lan.**

Gen lòt eleman toujou ki antre nan machin ensekirite a. Nou dwe gade tou tout sa ki antoure e ki kenbe ensekirite a. Men kèk nan eleman sa yo:

- Anpil kay ki kraze tounen kachkach pou bandi kab monte move zak, sitou nan sant vil la.
- Kan ki nan lari yo antrave aksyon Lapolis ta dwe mennen, pa egzanp lè yo kouri dèyè bandi.

- Patwouj lapolis yo manke efikas nan yon seri zòn, sitou lannuit, akòz dekonb ak ranblè yo ki bare wout pou yo pa antre.
- Konsa, lapolis ak Minista pa reyisi bati yon plan sekirite ki reponn ak reyalite moman an.

### **Ki reskonsablite Lapolis ak Minista genyen pou kanpe machin vyolans lan?**

Nou obsève depi katastwòf 12 janvye a, **nan sant vil la**, pou pi piti genyen **55 moun ki mouri anba bal**. Delè, se bandi k ap afwonte lapolis, delè se bandi ki touye moun pou pran lajan ak lòt objè yo pote tankou telefòn selilè. Anplis, apre 12 janvye 2010 la, klima vyolans sou moun pa sispan: gen plis òldòp ak move kou sou moto. Kidonk, reyalite vyolans lan toujou egziste andedan sisyete a. Anpil nan ka sa yo rive akòz prezans lapolis ak Minista manke anba lavil la. Lè sa, atoufè pwofite fè ak defè, epi fè tout kalite zak vyolans sou moun.

Toujou, nou obsève nan sant vil la, anpil magazen pa t tonbe anba katastwòf la, men, bandi pwofite kraze ak mete dife ladan yo pou piye epi bwote machandiz. Absans fòs lòd yo nan zòn komèsyal yo esplike tout bagay sa yo. Aksyon sa yo pote gwo konsekans pou ekonomi peyi, paske fòs lòd yo montre feblès yo aklè lè sa.

Lapolis ak Minista se 2 fòs ki gen reskonsablite tabli yon klima sekirite nan peyi a. Yo dwe prepare yon plan vre pou asire sekirite sitwayen ak sitwayèn yo. Gen kote machin pa ka antre, lè sa se patwouj apye ki pou fèt, ni lajounen ak lannuit. Ajan polis sa yo dwe genyen tout kalite materyèl ki nesesè pou metrize malfektè, konsa, yo pa p vle sèvi touswit ak zam afe ki nan men yo.

### **Kay fann yo tou se ensekirite pou lavi moun**

Moun yo toujou ap viv nan gwo chòk depi katastwòf 12 janvye 2010, mete sou sa, kay yo ki fann yo pote gwo laperèz nan lespri sitwayen ak sitwayèn yo.

Nou obsève Leta tanmen fè enspeksyon kay yo. Sa se yon bon bagay. Men, nou pa wè yon inite k ap fè swivi epi k ap kontwole fason moun ap refè kay yo. Anpil moun pwofite feblès otorite Travo piblik yo pou fè yon seri reparasyon bout mamit, epi pou repare kay ki ta merite kraze san okenn respè pou règ yo. Nou obsève tou pa gen yon zòn yo chwazi pou mete ranblè yo. Chofè chwazi mete yo toutpatou. Gen moun zòn Site Letènèl, Site Plis ak lòt zòn toujou ki achte ranblè pou monte pivo kay yo. Respè pou lavi moun ta mande yon lòt konpòtman. Nou pa kapab prevwa tranbleman tè, men nou kapab limite dega si n aji yon fason reskonsab. Otorite yo dwe montre se byen popilasyon an y ap chèche.

### **Men kèk rekòmandasyon**

#### **Sou kontwòl zam yo ak kesyon dezameman**

Dwe genyen:

- Pi bon kontwòl sou komès zam; fòk yo konbat yon fason efikas trafik ilegal zam yo.
- Pi bon rejistrasyon tout zam ki genyen nan peyi a.
- Bon jan sanksyon pou tout moun yo trape ak zam ilegal sou kò l, oswa lakay li.
- Yon dezameman ki serye, san paspouki, san konsiderasyon politik oswa ekonomik.

#### **Sou aksyon Lapolis ak Minista ap mennen**

- Yo dwe mennen ankèt sou zak vyolans ak krim ki fèt yo, epi ankèt yo dwe abouti.

- Lapolis dwe prezan yon fason efikas kote moun viv nan tant. Dwe genyen komisarya an pèmanans nan kote sa yo: sou gran plas yo, nan nouvo kan yo, tout kote anpil moun blije viv deyò.
- Lapolis dwe konnen ki moun ki nan yon kan, pou yo kab jere kesyon sekirite a pi byen.
- Lapolis dwe fè patwouj apye nan zòn kote gen anpil dekonb, lajounen kou lannuit.
- Ajan polis yo dwe konnen ki jan pou sèvi ak zam pou pwoteje lavi moun epi pou respekte dwa yo. Konsa tou, lè yo fè patwouj lannuit, yo dwe genyen materyèl, tankou baton, flach, minòt, radyo komunikasyon, ki fè yo pa dwe sèvi ak zam yo.

### **Sa ki konsènen otorite Lajistis ak egzekisyon somè**

- Zak rache moun se yon pwoblèm ki dwe manyen nan tout fason I nan nivo Lajistis.
- Egzekisyon somè bay pi bon prèv refòm Lajistis se yon nesesite. Fòk Lajistis tounen yon jitsis tout bon, li toupre moun yo, epi ki pèmèt Leta pran reskonsablité I yon fason ki kòrèk.
- Fòk sistèm penitansye a tou chanje: fòk detni yo jwenn jijman nan delè lalwa bay; fòk prizon yo pwoteje detni yo kont tranbleman tè ak dezas; fòk ajan penitansye yo jwenn bon fòmasyon sou ki konpòtman yo dwe genyen nan moman katastwòf natirèl.
- Fòk sistèm penitansye a kapab prepare detni yo pou jou y ap jwenn libète yo.

### **Sou kesyon rebati peyi a yon fason ki asire sekirite popilasyon an**

- 1) Otorite Leta yo dwe pi byen planifie metòd yo itilize pou verifye eta kay yo. Yo dwe travay ak moun ki gen konpetans pou fè travay sa yo.
- 2) Travo publik dwe òganize yon swivi sere pou asire yo repare kay yo byen oubyen yo kraze yo pou pwoteje lavi moun.
- 3) Leta dwe di aklè ki kote moun kapab bati kay, epi ki règjwèt tout moun dwe respekte lè I ap bati, pou tranbleman tè pa touye moun menm jan.
- 4) Otorite yo dwe di aklè nan ki zòn yo kapab jete ranblè yo.

### **Pou fini:**

Otorite Leta yo pa dwe kite konsiderasyon politik mennen yo. Se byen ak sekirite popilasyon an pou yo chèche. Nou kontinye ap ensiste sou enfòmasyon ki klè, ki transparan san demagoji, ki enfòme popilasyon an yon fason kòrèk sou sa Gouvènman an ak sèvis Leta yo ap mennen. Enfòmasyon sa a manke kounye a.

Gen twòp fo pwomès. Tout pawòl kote youn otorite ap kontredi yon lòt pa sèvi pyès moun. Yo pa mete lespri moun anpè. Yon Gouvènman ki konnen sa yo rele reskonsablité, ap konsidere kè sote popilasyon an genyen, fatig li, empasyans li (apre 4 mwa li te montre yon pasyans estwòdinè !!). Yon Gouvènman reskonsab, atravè tout sèvis li yo, dwe aji yon fason ki reponn ak espwa ni ak atant lejitim popilasyon an genyen.

**Fason nou analize krim ak asasinay yo nan Pòtoprens**  
**Tableau synthétique des crimes à Port-au-Prince**

		Mwa janvye <b>66 viktim</b>	Mwa fevriye <b>82 viktim</b>	Mwa mas <b>115 viktim</b>
<b>1. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		-	1 polisyé	6 polisyé
Fanm ki viktim		1	4	4
Timoun ki victim		-	1	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		39	30	33
<b>2. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri ak bal		57	35	81
	Moun ki mouri ak bal lapolis/ Minustah	-	1	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	12	2	3
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	-	-	10
	Viktim afwontman ant gang	7	-	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	38	32	68
Moun ki touye tèt yo		-	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		6	23	5
Moun ki mouri nan aksidan		2	18	28
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		1	6	1
<b>3. Sou kèk katye : ki kote</b>				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		8	2	6
Lasalin, Site Soley, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		8	10	18
Zòn Kafou		6	3	3
Gran Ravin ak Matisan		4	4	5
Petyonvil, wout Frè		2	2	-
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		7	30	36
<b>4. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		10	2	8
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

## **Analyse et commentaires du 34ième rapport Sur la violence dans la zone métropolitaine**

Le tremblement de terre du 12 janvier 2010 a frappé durement la société et la capitale haïtienne ; par contre, cette catastrophe n'a pas mis fin aux actes de banditisme et de violence que connaît la zone métropolitaine. La réalité de la violence reste présente et ne semble pas prête à disparaître, parce que les autorités concernées ne posent pas le problème de l'insécurité de manière correcte. Ainsi les dégâts de la catastrophe viennent se greffer sur d'autres réalités pour compliquer davantage le climat d'insécurité. Les bandits profitent de la situation pour poser des actes répréhensibles contre leurs semblables sans avoir peur d'être sanctionnés sévèrement. Tout cela augmente le désarroi d'une population déjà victime de tout une série de violations de ses droits comme : le manque de communication avec un peuple qui est maître de son destin ; négligences au niveau de la planification ; les nombreuses promesses non tenues (comme celle de la gratuité des médicaments, l'écolage qui serait assuré par l'Etat, la bonne préparation de la relocalisation, l'appui à la production nationale et la création d'une industrie locale pour créer plus de travail et de nourriture). Ce sont différentes formes de violence subie par la population haïtienne à cause du manque de prise en charge par les responsables, qui pensent que faire de la politique est plus importante que s'occuper des personnes.

Dans nos considérations nous n'avons pas inclus les 300 000 victimes mortelles du tremblement de terre, qui est un événement extraordinaire qui nécessiterait une réflexion spéciale. Le tremblement de terre en effet est le résultat d'une série de phénomènes naturels ; mais nous devons affirmer : si le 12 janvier 2010 a connu ce grand nombre de victimes, il y a nécessairement une question de responsabilité et de négligence humaines à poser. Personne ne peut empêcher un tremblement de terre, mais nous avons de l'intelligence pour gérer la société et d'éviter des victimes par milliers quand l'événement se produit. Mais où se trouve cette responsabilité et qu'est-ce les personnes responsables auraient dû faire ? Voilà la question.

Voici les comparaisons que nous avons réalisées entre le dernier trimestre de 2009 (octobre – décembre) et le premier trimestre de 2010 (janvier - mars). Voici nos constats :

- **Entre janvier et mars 2010, nous avons enregistré 173 personnes tuées par balles, alors que pour la période d'octobre à décembre 2009, on comptait 94 personnes tuées. Cela signifie une augmentation de 84,04 pourcent pour la période d'après le tremblement de terre.** On ne pourrait oublier, déjà à la fin de l'année 2009 nous avions constaté une hausse de la violence armée par rapport à la période précédente (juillet-septembre 2009). Le chiffre pourrait être encore plus élevé parce que plusieurs constats légaux ou procès verbaux (rédigés par la Police ou le juge de paix) ne mentionnent pas la cause ou les circonstances de la mort de la victime.
- Concernant les accidents, nous avons enregistré 46 morts pour la période de janvier à mars 2010, alors que pour le trimestre précédent, il y en avait 55. **Cela signifie une diminution de 18,18 %.**
- Nous avons enregistré 33 victimes tuées par l'arme blanche durant la période de janvier à mars 2010, alors que pour le trimestre d'octobre au décembre 2009, on comptait 22 personnes tuées dans des circonstances semblables. **Cela signifie une augmentation de 49,99%.**

## **Considérations sur la violence faite par balle**

La Commission Justice et Paix est préoccupée par le phénomène des armes illégales, surtout les armes de poing, sources de violence en plusieurs endroits du pays. Nous constatons que l'Etat, plus particulièrement les trois Pouvoirs de la République, l'Exécutif, le Légitif et le Pouvoir Judiciaire, n'arrivent pas à jouer leur rôle respectifs face à cette réalité. Les lois existantes sont inadéquates ; il n'y a pas de politique de désarmement ; rarement quelqu'un est condamné ou sanctionné pour possession illégale ou emploi abusif d'une arme à feu.

Qu'il soit clair : ce n'est pas le tremblement de terre du 12 janvier 2010 qui a mis les armes illégales en circulation. Ces armes se trouvent dans les communautés depuis plusieurs années, et si elles sont toujours là, c'est que les autorités n'ont pas fait le travail qui leur incombe. Depuis le tremblement de terre, la violence armée a augmentée considérablement ; les principaux responsables sont donc les autorités qui n'ont pas pris ce dossier en main. L'importation des armes se fait sans contrôle et de façon illégale ; les armes ne sont pas enregistrées, il n'y a pas de contrôle sur les gens qui portent une arme à feu publiquement ou qui possèdent une arme chez eux.

Bon nombre de personnes réduisent la question de l'insécurité par arme à feu à la question des évadés des prisons, accusant ces personnes comme les seules sources de l'insécurité. Certes, il y a des criminels notoires qui se sont évadés de la prison le 12 janvier 2010 ; mais la grande majorité des évadés sont des gens qui se trouvaient en « détention préventive prolongée de manière illégale ». Ensuite, si les criminels évadés peuvent se procurer des armes à feu avec tant de facilité, il faut bien que les armes soient disponibles quelque part.

Des décisions politiques sont nécessaires pour corriger ces situations qui troublent nos communautés. Les autorités étatiques ont pour devoir de travailler dans l'intérêt de la population ; la confiance des administrés dans les autorités est alors le résultat du devoir accompli. Le discours sur le désarmement ne devrait pas être une simple parole politique pour endormir la population.

## **Réflexion sur les actes de lynchage**

La Commission a enregistré 33 cas de personnes tuées par des armes blanches comme piques, couteaux, manchettes, hameçons ; surtout dans les zones de Cité Soleil et à la Croix-des-Bouquets. Selon des témoignages de plusieurs citoyens à Cité Soleil, les victimes seraient surtout des bandits afin de les empêcher de continuer leurs mauvaises pratiques ; parmi ces victimes se trouvent des évadés de prison.

Nous constatons donc que chaque jour les citoyens manifestent leur méfiance au système judiciaire. Il est du devoir des autorités de l'Etat d'organiser le système judiciaire pour que la population puisse le faire confiance. En même temps, c'est du devoir de l'Etat d'assurer la sécurité judiciaire de tous et de toutes, quelque soit son origine ou quelque soit l'accusation portée contre lui.

Les exécutions sommaires nous montrent :

- Le système judiciaire est dysfonctionnel.
- Le système pénitentiaire n'est pas organisé et ne fonctionne pas correctement.
- Les citoyens et citoyennes ne font pas confiance au système judiciaire et prennent la justice en leur propre main, au détriment des valeurs sociales et le respect des droits des personnes.

La situation évoquée a de graves conséquences pour la façon dont les citoyens comprennent la Justice et affichant leur insatisfaction.

Déjà la population vit dans des conditions extrêmement difficiles. Ce n'est pas le moment pour que des bandits viennent aggraver la situation. Ce n'est pas le moment pour que les autorités étatiques soient passives et refusent de prendre leurs responsabilités ; elles doivent assurer la sécurité juridique de la population, et mettre sur pied les conditions qui permettent à la population de jouir sa dignité et ses droits.

### **Autres éléments qui influencent la situation sécuritaire**

D'autres éléments toujours viennent renforcer la machine de l'insécurité. Nous signalons :

- Des maisons détruites par le séisme servent de cachette aux bandits qui montent leurs coups ou qui prennent refuge dans ces lieux, surtout au centre Ville.
- Les tentes installées dans les rues entravent les actions policières, par exemple lors des poursuites des personnes suspectes de banditisme.
- Les patrouilles de police manquent de l'efficacité dans certaines zones, surtout quand durant la nuit les décombres obstruent les rues. Les remblais entassés dans les rues posent un sérieux problème de sécurité publique.
- Finalement, la Police et la MINUSTAH semblent ne pas réussir à bâtir un plan de sécurité répondant à la réalité du moment.

### **Responsabilité de la Police nationale (segondée par la MINUSTAH) pour freiner la violence**

La Commission Justice et Paix a enregistré depuis le 12 janvier 2010, **55 personnes tuées par balles** au centre Ville. Dans certains cas il s'agit de bandits qui affrontaient la Police, dans d'autres cas, des bandits tuent de simples gens pour les dépouiller des valeurs qu'ils portent sur eux comme les téléphones cellulaires. La majorité de ces actes sont possibles à cause de l'absence répétitive des patrouilles de la Police nationale et la MINUSTAH au Centre Ville, permettant ainsi aux bandits d'effectuer des actes répréhensibles sur les paisibles citoyens.

Au Centre Ville, nous avons observé des magasins restés intacts lors du séisme, mais l'absence des forces de l'ordre a permis aux bandits de les écraser, de piller les marchandises et de mettre le feu. Ces actes font du tort à l'économie haïtienne et illustrent encore une fois la faiblesse des forces de l'ordre pour contrôler la violence. Il est inacceptable que des gens mal intentionnés prennent le malin plaisir à détruire les biens d'autrui sans problème.

La Police et la MINUSTAH sont les deux forces sur le terrain pour créer un climat de sécurité dans le pays. Elles doivent préparer un vrai plan pour assurer la sécurité des citoyens et citoyennes. Dans les zones où les voitures de police ne peuvent pas entrer, il faudra bien concevoir des patrouilles pédestres, de jour et de nuit. Les policiers doivent être munis du matériel nécessaire pour maîtriser les bandits sans être obligés de se servir de leurs armes à feu.

### **Les maisons endommagées : une source d'insécurité**

Les citoyens et citoyennes vivent toujours avec la peur de rentrer leurs maisons fissurées par le séisme du 12 janvier 2010.

Nous observons que l'Etat a entamé l'inspection des maisons. La Commission applaudit l'initiative, seulement, nous ne remarquons pas une unité d'ingénieurs des Travaux publics qui assurent le contrôle de la reconstruction des maisons. Certaines personnes profitent de la faiblesse de l'Etat pour réparer des maisons sans aucun respect des normes, même quand il s'agit d'une maison marquée comme « à démolir ».

Nous constatons qu'il n'y a pas de zones réservées pour déposer les remblais, ainsi les chauffeurs des trucs choisissent n'importe où pour vider les charges, comme les zones de *Cité de l'Eternel* et de *Cité Plus* ; les gens achètent les débris pour réparer des maisons. Le respect de la vie humaine demanderait un autre comportement et la publication de certaines normes concernant les reconstructions et les matériaux à utiliser. Nous ne pouvons pas prévoir ou prévenir un tremblement de terre, mais nous pouvons limiter les dégâts en agissant de manière responsable. Les autorités doivent, par la promulgation de normes et directives, assurer le bien-être de la population.

### **Recommandations**

**Pour arriver au contrôle des armes et au désarmement effectifs, la Commission Justice et Paix demande aux autorités de l'Etat :**

- D'organiser un meilleur contrôle du commerce des armes ; le trafic illégal des armes doit être combattu de façon efficace.
- D'enregistrer toutes les armes dans le pays.
- De prendre de sanctions sévères contre toute personne qui porte une arme illégale sur lui ou qui la garde dans son domicile.
- De procéder à un désarmement sérieux, sans considération politique ou économique pour les personnes.

**La Commission Justice et Paix demande à la Police nationale et à la Minustah :**

- De mener les enquêtes efficaces sur les actes de violences et crimes perpétrés ; les enquêtes doivent aboutir.
- D'être présentes de façon professionnelle là où se trouvent les gens sous les tentes. D'établir des sous commissariats ou des postes de police sur les grandes places, dans les nouveaux camps ou tous lieux où beaucoup de gens sont obligés de vivre.
- D'identifier les gens qui vivent dans un espace donné afin de mieux gérer la question de la sécurité.
- D'effectuer des patrouilles à pied dans les zones encombrées, de jour et de nuit.
- Les agents de la Police doivent utiliser leurs armes seulement pour protéger la vie et les droits des personnes. Ainsi, surtout les patrouilles de nuit doivent être équipées avec bâtons, flash, menottes, radios de communication, et tout ce qui peut empêcher l'utilisation des armes.

**Concernant les exécutions sommaires, la Commission Justice et Paix demande aux autorités judiciaires :**

- D'adresser les actes de lynchages au niveau de la Justice avec le sérieux qu'exigent ces cas.
- Les exécutions sommaires prouvent la nécessité de la réforme judiciaire. Il faut une Justice correcte, près des citoyens, qui permet à chacun d'assumer ses responsabilités correctement.
- De bien organiser le système pénitentiaire. Il faut juger les détenus dans les délais prévus par la loi ; les prisons doivent être construites contre les désastres et selon les normes antismismiques.

Les agents de l'APENA doivent être formés et savoir comment réagir en cas de catastrophe naturelle ou de tremblement de terre.

- D'organiser le système pénitencier pour qu'il prépare les détenus pour le jour où ils seront remis en liberté.

**Pour faire avancer la reconstruction du pays dans le respect de la sécurité de la population, la Commission Justice et Paix recommande :**

- 1) Que les autorités de l'Etat planifient mieux la vérification des maisons, avec des personnes compétentes en la matière.
- 2) Que le Ministère des Travaux publics organise des suivis sérieux dans le but de réaliser une bonne réparation des maisons ou leur démolition, dans le but de protéger les vies humaines.
- 3) Que l'Etat communique clairement avec la population :
  - Pour que les lieux pour bâtir et reconstruire soient clairement définis,
  - Pour que les principes à respecter pour éviter des pertes en vie humaine en cas d'un tremblement de terre soient connus de tous.
- 4) Que les autorités responsables déterminent clairement les zones où on peut jeter les remblais.

## **Conclusion**

Les autorités étatiques ne doivent pas se laisser guider par des considérations politiciennes, mais ils doivent rechercher le bien être et la sécurité de la population. La Commission continue à insister sur l'importance des informations claires, transparentes, sans démagogie aucune qui informent la population de façon correcte sur les actions menées et les services mis en place par le Gouvernement. Ces informations manquent actuellement.

Il y a trop de promesses non tenues. Chaque parole où une autorité de l'Etat contredit l'intervention d'une autre autorité, détruit la confiance et la paix des esprits. Un gouvernement responsable doit prendre en compte ce que vit la population : ses inquiétudes, sa fatigue et son impatience grandissante, après 4 mois où la population a montré une patience extraordinaire !! Un gouvernement responsable doit, à travers tous ses services, agir de manière à apporter une réponse d'espoir aux attentes légitimes de la population.

P. Jan Hanssens, Directeur national  
Port-au-Prince, 15 octobre 2009

Jocelin Renord  
Secrétaire Justice et paix, Port-au-Prince

Me. Rovelsond Apollon  
Responsable d'enquête

**Tablo vyolans sou zòn metropolitèn nan  
Pou mwa Janvye 2010**

Jou, dat ak lè	Enfòmasyon sou viktim yo	Ki Kote, zòn, katye	Esplikasyon nou ranmase sou viktim nan, nan moman aksyon an te pase.
Madi 5 janvye 2010, 2: 10 PM	Cesar Evener	Petyonvil, nan Mòn Ekil	Selon plizyè temwayaj moun zòn nan, se 2 polisyè ki ta touye viktim nan ak plizyè bal.
Madi 12 janvye 2010, 1:00 PM	Anil Louis Juste, yon pwofesè inivèsite	Pòtoprens, Ri Kapwa, zòn Inibank	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.
